




Gid pou Estoke Pwodwi yo



Kenbe depo a fre e sèk ant 15-30° C, ak ase limyè epi byen ayere.

Netwaye depo a regilyèman epi toujou repare batiman pou anpeche ti bèt nwizib antre landan li.



Pa mete bwat yo atè a, mete yo sou palèt oubyen etajè.

Bwat yo dwe tèt anlè epi etikèt yo dwe vizib ak lizib.

Kenbe kondisyon estokaj la pandan transpò.



Estoke pwodwi yo nan yon depo oubyen kabinèt ki fèmen e sekirize, kote sèlman pèsònèl fòmè gen aksè.



Swiv Metòd FEFO a: "**Ekspire avan soti avan**". Òganize pwodwi yo nan fason pou ka distribye pwodwi ki gen dat ekspirasyon pi pwòch la an premye.



Kenbe yon dosye envantè pwodwi ou resevwa ak distribye.



Pou Distribisyon




Separe pwodwi ki domaje oubyen ekspire epi ekri paka itilize sou yo. Jete selon direktif lokal yo.



Pwodwi Ekspire



Pwodwi Damaje



Kenbe pwodwi ki menm yo epi ki gen menm nimewo lo yo ansanm.

Evite tanperati ki wo, kontak ak eleman deyò, ak limyè dirèk solèy la.

Pa estoke pwodwi yo tou pre materyèl danjere oubyen kote ki sal ki ka atire ti bèt nwizib.

